



KONSANTMAN POU DEMANNN ARANJMAN REZONAB: Pwogram Asistans Ijans ("EA")

Demann Inisyal

Chanjman an Demann Inisyal

Konsantman: Deklarasyon w lan

Mwen mande EOHLC plis èd oswa yon chanjman pou fanmi mwen. Nou bezwen èd siplemantè sa a
oswa chanjman paske (Manm fwaye a) gen yon
andikap.

Eksplikasyon pou ou

Lwa a defini yon andikap kòm yon:

- defisyans fizik oswa mantal ki
- limite konsiderableman
- youn oswa plis gwo aktivite nan lavi a.

Sa a kapab yon kondisyon sante ki afekte lavi yon moun nan gwo fason.

Pa egzanp, yon pwoblèm sante ki afekte:

- | | | |
|--------------------|--------------------------|--------------------------------|
| • Mache | • Aprann | • Konsantre |
| • Pale | • Panse | • Li |
| • Tande | • Travay | • Ekri |
| • Wè | • Respire | • Fè travay fizik, tankou leve |
| • Sekirite | • Konpòtman | • Manje |
| • Pran swen tèt ou | • Entèaksyon ak lòt moun | • Ki jan kò a travay |

Enstriksyon (oswa eksplikasyon) pou ou

Yon fanmi ka mande èd anplis oswa yon chanjman fanmi an bezwen kounye a oswa alavni. Sa a kapab èd oswa yon chanjman ke ou bezwen akòz yon andikap yon manm fwaye a genyen kounye a. Li kapab tou yon chanjman nan règleman kounye a akòz yon andikap ki te afekte lavi fanmi ou nan tan pase (pa egzanp, si ou te pèdi lojman ou akòz yon andikap). EOHLC pral deside si nou ka bay èd siplemantè a oswa chanjman an epi si li rezonab. Yo rele sa yon aranjman rezonab.

EOHLC bezwen konfime ke yon moun nan kay ou gen yon andikap, epi li bezwen èd siplemantè oswa chanjman ou te mande a.



Enstriksyon (oswa eksplikasyon) pou ou

EOHLC ka jwenn enfòmasyon sa a nan men yon doktè, enfimyè, oswa lòt travayè swen sante:

- yon moun ki ede moun refè soti nan maladi oswa aksidan
- yon travayè ka oswa travayè sosyal
- yon lòt moun serye ki bay sèvis oswa sipò kanmarad a moun ki gen andikap nann kad travay yo oswa travay volontè regilye.

NÒT:

Ou pa oblige ranpli fòm sa a kounye a. Men pafwa, lè yon moun mande yon aranjman rezonab, EOHLC (nou) bezwen plis enfòmasyon pou pran yon desizyon. Si nou bezwen plis enfòmasyon, n ap fè w konnen. Lè sa a, swa ou ka mande founisè Manm Fwaye a dokiman epi answit ban nou yo, oswa nou ka mande founisè Manm Fwaye a pou ou. Si ou vle EOHLC mande founisè Manm Fwaye a la pou ou, n ap bezwen fòm sa a.

Deklarasyon pa ou menm (fanmi ki pèmèt founisè a pataje enfòmasyon ak EOHLC)

Mwen te mande EOHLC pou aranjman rezonab. Mwen pèmèt founisè sa a bay EOHLC enfòmasyon pou EOHLC ka pran yon desizyon. Mwen sèlman pèmèt founisè sa a bay EOHLC enfòmasyon ki aplike pou demann mwen an pou aranjman rezonab.

Non manm fwaye ki gen andikap la

Dat nesans moun sa a

Non founisè a

Adrès founisè sa a

Nimewo telefòn founisè sa a

Èske ou pèmèt founisè sa a pataje enfòmasyon sou tretman dwòg oswa alkòl?

Wi Non

Pèmisyon sa a dire pou yon ane, oswa jiskaske:



Deklarasyon pa ou menm (fanmi ki pèmèt founisè a pataje enfòmasyon ak EOHLC)

Mwen konprann:

- EOHLC ka pa kouvri pa menm lwa sou vi prive ak founisè mwen an.
- EOHLC pral kenbe tout enfòmasyon sa yo konplètman konfidansyèl (oswa prive).
- EOHLC pral itilize enfòmasyon sa a sèlman pou pran yon desizyon sou demann mwen pou aranjman rezonab.
- Founisè mwen an pa ka mande m siyen fòm sa a pou ban m tretman medikal.
- Mwen ka mande pou mete fen nan pèmisyon sa a nenpòt ki lè.

Siyati: Ki laj manm fwaye ki gen yon andikap la?

- Si li gen 18 an oswa plis, li ka siyen fòm sa a.
- Si li pokò gen 18 ane, paran yo oswa gadyen yo ka siyen fòm sa a.
- Si li gen 18 ane oswa plis EPI yo gen yon gadyen, NI moun ki gen andikap la NI chèf fwaye a dwe siyen.

Siyati Moun ki Andikape (si li gen 18 ane oswa plis)

Dat

Siyati Paran oswa Gadyen an (si moun ki gen andikap la gen mwens pase 18 ane)

Dat

Ekri non w an lèt detache isit la

Dat

Siyati Chèf Fwaye a

Ekri non w an lèt detache isit la

Dat

Voye fòm sa a bay Kowòdonatè Santral ADA a:

- Pa imèl: EOHLCeada@mass.gov
- Pa faks: 617-573-1578

- Pa lapòs: Central ADA Coordinator
Division of Housing Stabilization
EOHLC
100 Cambridge Street, 3rd Floor
Boston, MA 02114